



Pou Piblikasyon Imedya: 15/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 56.2 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI NAN VIL KINGSTON

*Pwojè reyabilitasyon pon Wurts Street 44.6 milyon dola a pou kòmanse*

*Pwojè wonpwen Kingston 11.6 milyon dola a te fini anvan lè ak dapre bidjè a*

*Foto yo Disponib [La a](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 56.2 milyon dola envestisman nan enfrastrikti pou Vil Kingston, ki gen ladan kòmansman yon gwo pwojè reyabilitasyon pon ak achèvman yon wonpwen nan vil la. Yon pwojè 44.6 milyon dola ki ankou pral reyabilite Pon Sispansyon istorik Port Ewen lan nan Kingston, ke yo rele tou Pon Wurts Street, ki te fèmen depi septanm 2020. Anplis de sa, pwojè 11.6 milyon dola Wonpwen Kingston lan te fini dènyeman, epi te rekonstwi entèsekson Interstate 587 (Colonel Chandler Drive), State Route 32 (Albany Avenue) ak Broadway nan Vil Kingston, Konte Ulster.

"Nou kontinye fè envestisman anbisye nan pwojè transpò yo atravè New York ki konstwi pou dire, epi de sa yo nan Kingston se egzanp pafè sou kijan n ap konekte kominote yo yon fason efikas ak sekirité", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè pa pwojè, n ap fè New York avanse epi konstwi youn nan rezo transpò ki pi solid ak vèsatil nan nasyon an".

Pwojè Pon Wurts Street la pral reyabilite konplètman travèse ki gen 100 ane a nan amelyore estabilite estriktirèl pon an ak re-establi yon konektè enpòtan ant Vil Kingston ak Vil Esopus nan Konte Ulster. Amelyorasyon ki planifye pou pon an gen ladan yon nouvo teras pon, ray gidaj, twotwa, balistrad ak kab sispanson. Kapasite chaj pon an ap ogmante nan 20 tòn epi twotwa yo ap elaji pou satisfè estanda aktyèl yo. Nouvo penti pral ajoute tou, k ap diminye nesesite pou antretyen anyèl.

Chanm yo, kote kab prensipal yo ankre, pral gen sistèm kontwòl klima dènye kri pou kontwole imidite ak asire ankraj yo rete san kwozyon. Anplis de sa, sistèm kontwòl yo pral pèmèt siveyans ak operasyon adistans.

Pasrèl pyeton ki popilè a ak waf yo anba pon an pral rete ouvri pandan konstriksyon an. Wout la anba pon an, Dock Street/West Strand Street, pral rete ouvri tou, men espas pakin ki egziste yo ap rete tanporèman fèmen. Abeel Street nan pwent nò pon

an pral rekonstwi, sa ki egzije yon fèmti tanporè sou yon vwa. Tout travay yo prevwa fini disi otòn 2023.

**Komisè SDOT, Marie Therese Dominguez, te deklare**, "Eta New York ap kontinye fè envestisman enpòtan ki pral kreye yon rezò transpò ki pi rezistan, ranfòse kominate yo ak amelyore kalite lavi. Reyabilitasyon Pon Wurts Street pral restore yon lyen enpòtan pou rezidan Konte Ulster yo ak vwayajè yo, epi an menm tan, ajoute amelyorasyon estetik ki pral simante estati pon sa a kòm yon senbòl Hudson Valley. Anplis de sa, nouvo wonpwen an pral redui blokis nan youn nan pasrèl ki pi enpòtan nan Kingston epi ede kenbe moun ak machandiz yo ap sikile atravè Hudson Valley pou yon bann ane alavni".

Pwojè Wonpwen Kingston lan transfòme yon entèsekson ki frekante pou tounen yon wonpwen modèn ki bay sekirite ranfòse pou tout vwayajè yo ak sikilasyon trafik ki pi efikas pou veykil yo nan youn nan pasrèl kle vil la. Nouvo twotwa, siyalizasyon ak lòt akomodasyon pou pyeton te ajoute tou.

Nan kad pwojè a, yon espas tankou yon pak te kreye toupre wonpwen an ant East St. James, Broadway ak Albany Avenue. Pasaj pou pyeton ki elve, twotwa ki modènize, yon chemen pou itilizasyon miks ak limyè siyalizasyon rektangilè avèk kliyotman rapid te enstale tou pou amelyore akomodasyon pou pyeton yo. Limyè siyalizasyon yo bay yon avètisman estwoboskopik ki gen gwo vizibilite pou chofè yo lè pyeton yo itilize yon pasaj pou pyeton.

Anplis de sa, yon sistèm tretman dlo lapli te kreye sou sit la pou kolekte ak filtre kouran dlo, ki pral ede pwoteje anviwònman ozalantou a. DOT te kowòdone avèk Vil Kingston, Depatman Dlo Kingston (Kingston Water Department) ak Kòporasyon Gas ak Elektrik Husdon Santral (Central Hudson Gas & Electric Corporaion) pou ranplase ak modènize enfrastrikti souteren, sa gen ladan egou, enstalasyon dlo ak gaz.

Nonmen yon [gayan 2yèm Faz DRI](#) a an 2017, Plan Envestisman Estratejik Kingston lan ap gide pwojè revitalizasyon yo ki fè avanse vizyon kominate a pou sant vil li epi kapab pwofite ak etann sou envestisman 10 milyon dola eta a. Pwojè ki finanse yo pral bati sou lòt envestisman resan yo nan sant vil la ak zòn ozalantou yo pou kreye yon anviwònman dirab pou yon ekonomi inovatè ak pwospè pandan tout ane a.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare**, "Envestisman nan transpò yo vital pou revitalizasyon kominotè. Pwojè enfrastrikti sa yo pral ranfòse ak ede amplifye revitalizasyon ki déjà ankou atravè prim 10 milyon dola Kingston lan. Envestisman sinèjik sa yo ap konstwi sou vitalite Kingston ak sipòte pi gwo renesans nan redevlopman sant vil la atravè Eta New York".

**Senatè Michelle Hinchey te deklare**, "Kòm premye pon sispanasyon ki te janm konstwi nan Hudson Valley ak pi ansyen nan Rejon Hudson River Valley, Pon Wurts Street la se yon pati enpòtan nan istwa lokal nou ki te sèvi kòm yon konektè enpòtan ant kominate Kingston ak Port Ewen nou yo. Efò sa a pou sove Pon Wurts Street la ak

reyabilite bèl moniman an pou tounen nan ansyen glwa li pral kreye travay pandan I ap pèmèt pon an reprann wòl li kòm yon pasrèl pou komès, rekreyasyon ak kilti pou ane k ap vini yo. Hudson Valley se yon plas espesyal ak enkwayab ki bezwen ak merite nivo envestisman enfastrikti sa a nan men eta nou an. Nou rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè Hochul epi eksite pou pwogrè k ap soti nan tout pwojè revitalizasyon yo ki aktyèlman ankou".

**Manm Asanble Kevin Cahill te deklare,** "Nan okasyon istorik sa a, kote nou enpasyan pou lavni, envestisman an ke Eta New York ap fè nan Pon Wurts Street la pral garanti jèm achitekti sa a rete anplas pou byennèt Vil Kingston ak Vil Esopus. Mwen vle remèsy Gouvènè Hochul ak Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Dominguez, pou devouman yo nan pèmèt pwojè sa a rive reyalize pou popilasyon nan distri mwen an".

**Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare,** "Mwen vle remèsy Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a dèské yo envesti nan reyabilitasyon youn nan trezò ki pi inik ak istorik nan Konte Ulster. Gwo envestisman sa a ke Eta New York fè nan Pon Sispansyon istorik Port Ewen nan Kingston lan pral re-ouvri yon konektè enpòtan ak karateristik pitorèsk pou kominate yo nan Konte Ulster".

**Majistra Vil Kingston, Steve Noble, te deklare,** "Pon Wurts Street la se yon pyès enpòtan nan istwa, yon moniman ikonik ak apresye Vil Kingston ak nan Rondout Creek. Nou enpasyan pou nou wè prezèvazyon pon an, kòm rezidan Kingston yo apresye gen posibilité pou mache, monte bisiklèt ak konekte vwazen nou yo nan Port Ewen. Mwen vle remèsy Manm Asanble Cahill pou èd li nan sekirize fon an pou gwo pwojè renovasyon pon sa a. Mwen ta renmen remèsy NYS DOT ak kontraktè yo pou travay ekselan yo sou wonpwen an, ki bay yon bèl nouvo pasrèl nan Vil nou an pandan I ap redui tou blokis ak emisyon gaz a efè sè yo. Gouvènè Hochul te montre angajman li pou fè travay enfastrikti a fini isit la nan Vil Kingston epi mwen vle remèsy li ak Eta a pou sipò yo nan efò kontinyèl nou pou restore ak revitalize enfastrikti vital nou an".

**Sipèviziè Vil Esopus, Jared Geuss, te deklare,** "Popilasyon Esopus la soulaje dèské finansman enfastrikti alontèm lan finalman disponib pou reparé Pon Sispansyon Port Ewen nan Kingston lan. Pon an bay enfastrikti enpòtan pou pèsonèl ijans ak sèvi vwayajè yo sou tou de bò Roundout Creek la ki itilize li pou deplase chak jou pou kapab ale chèche lavi. Fèmti tanporè li a te lakòz pèt konektivite, fasilité ak dinamis nan kominate a. Nou kontan tou dèské ansyen pon sispanzyon an, ki se te yon sous fyète sivik nan zòn nou an, pral restore nan glwa orijinal li".

NYSDOT bay plis enfòmasyon sou entènèt konsènan wonpwen yo, ansanm ak ti livrè yo ka telechaje, nan <https://www.dot.ny.gov/main/roundabouts>. Gen yon video enstriksyon sou fason pou navige san danje sou wonpwen yo ki disponib [isit la](#).

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay.

Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [511NY.org](http://511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Follow New York State DOT on Twitter: [@NYSDOT](https://twitter.com/NYSDOT) ak [@NYSDOTHV](https://twitter.com/NYSDOTHV). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418